

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa eunteung tina kahirupan masarakat. Patali jeung éta hal, James Reeves dina Koswara (2013, kc. 7) nétélakeun yén hakékat sastra téh minangka fakta kahirupan. Ieu hal lantaran ayana karya sastra dimimitian ku pamikiran pangarang tina kahirupan sapopoé nu kungsi kajadian dina waktu nu tangtu. Kajadian-kajadian dina kahirupan sapopoé nu diébréhkeun dina karya sastra bisa ngeunaan paripolah, budaya, adat-istiadat, agama, tradisi atawa masalah séjénna anu karandapan ku masarakat.

Karya sastra di masarakat miboga fungsi minangka hiburan atawa media pikeun nyangking élmu. Ku kituna, karya sastra moal leupas tina kahirupan masarakat. Pangna kitu lantaran pangarang mangrupa bagian tina kelompok masarakat nu boga pangalaman tina kaayaan sabudeureunana nu diébréhkeun ngaliwatan karya sastra.

Salah sahiji karya sastra nu raket patalina jeung masarakat nya éta dongéng. Dongéng téh salah sahiji wanda sastra buhun nu mimiti aya sarta sumebar sacara lisan di masarakat. Ku sabab dongéng mangrupa karya sastra buhun, dongéng sipatna anonim sarta teu kapaluruh iraha mimiti medalna. Kiwari dongéng geus réa dibukukeun sarta rupa-rupa caritana boh carita sato nu bisa ngomong (fabél), jalma anu sakti, obyék anu boga kakuatan gaib, jrrd. Najan ngandung hal nu pamohalan, saéstuna dongéng diciptakeun minangka eunteung nu bisa dijadikeun conto pikeun kahirupan sapopoé. Contona dongéng *Sasakala Maribaya*. Ieu dongéng nyaritakeun ngeunaan kahirupan kulawarga nu miskin nu ahirna meunang pitulung ti Pangéran ngaliwatan Curug Maribaya nu mucunghul sacara gaib dina sapeuting. Najan ngandung unsur pamohalan, ieu dongéng saéstuna ngandung ajén-inajén sangkan jalma nu sabar pasti meunang pitulung ti Pangéran sarta paméré ti Pangéran téh kudu diriksa. Éta ajén-inajén minangka élmu utamana pikeun barudak sangkan dipaké dina kahirupan sapopoé.

Lian ti nyaritakeun ngeunaan carita saperti sato nu bisa ngomong, carita jalma sakti, carita gaib, jrrd., dina dongéng ogé aya carita ngeunaan alam jeung lingkungan sabudeureun manusa. Contona dongéng ngeunaan cai, gunung,

leuweung, jsb. Pangna kitu lantaran masarakat jaman baheula kacida ngajénna ka alam. Masarakat ngajadikeun unsur-unsur alam saperti laut, gunung atawa leuweung minangka objék anu kudu diajénan. Ieu hal ku sabab masarakat miboga kayakinan yén alam sabudeureun téh minangka paméré ti Pangéran nu kudu diriksa sarta dimangpaatkeun kalawan wijaksana. Aya kapercayaan di masarakat lamun alam diruksak, bisa ngabalukarkeun mamala.

Salah sahiji unsur alam nu dimangpaatkeun ku masarakat sarta jadi unsur penting dina kahirupan sapopoé nya éta cai. Unsur cai dina dongéng miboga rupa-rupa fungsi sarta mindeng dicaritakeun. Pangna kitu lantaran cai miboga kalungguhan nu penting di masarakat. Rupa-rupa fungsi cai dina dongéng didasaran ku pentingna cai dina kahirupan sapopoé, misalna pikeun kabutuhan hirup dasar (nginum, mandi, jsb), pikeun jalur transportasi, atawa pikeun netepkeun ngaran hiji daérah. Contona dina dongéng *Ngaran Cijéngkol*, cai miboga fungsi jadi latar tempat anu ngalantarankeun hiji tempat dingaranan Cijéngkol.

Unsur cai dina dongéng ogé kacaritakeun boga fungsi anu gaib. Contona dina dongéng *Sasakala Maribaya*, cai nu dipaké mandi ku Raja sarta masarakat miboga fungsi jadi obyék nu bisa ngubaran panyakit. Ku ayana dongéng ngeunaan cai nu miboga kakuatan bisa ngubaran panyakit, ngabuktikeun yén cai téh jadi salah sahiji unsur alam nu mawa kabarokahan.

Dina kahirupan sapopoé, loba masarakat nu ngubaran panyakit ku cai nu didoakeun (dijampé), atawa ku cara mandi di tempat nu caina dianggap boga kakuatan pikeun ngubaran panyakit. Lian ti éta, aya ogé adat-istiadat nu tangtu nu udaganana pikeun ngadoa ka Pangeran sangkan dibéré kasalametan jeung kabarokahan ngaliwatan média cai. Misalna dina adat siraman pangantén, siraman tujuh bulanan, adat mandi di laut nu udaganana ngadoa ka Pangéran sangkan dibéré kasalametan.

Hanjakal, jaman nu beuki maju ngabalukarkeun robahna pola pikir masarakat. Kiwari mah dongéng geus teu dipaliré ku masarakat. Padahal dongéng miboga ajén-inajén nu matak hadé dipaké dina kahirupan sapopoé. Dongéng nu baheula dicaritakeun kolot ka budakna, ayeuna mah ngan ukur jadi bahan pangajaran di sakola. Masarakat loba nu geus teu maliré kana ajén-inajén nu dicaritakeun

ngaliwatan dongéng nu saéstuna mangrupa piwuruk dina ngalakonan kahirupan sapopoé ka papada jalma, ka Pangéran sarta ka alam sabudeureun.

Unsur alam nu baheula dianggap boga kakuatan gaib saperti gunung, cai, jeung leuweung, ayeuna mah di*éksplorasi*. Cai nu baheula miboga kalungguhan penting dina kahirupan masarakat, kiwari mah loba nu jadi tempat miceun runtah boh runtah ti imah boh runtah ti pabrik. Padahal lamun ditilik tina carita-carita dongéng, cai téh loba mangpaatna pikeun kahirupan, lain jadi tempat pamiceunan runtah. Antukna mah loba mamala balukar tina ruksakna alam sabudeureun.

Nilik kana sababaraha hal di luhur, ieu panalungtikan medar jeung nganalisis ngeunaan fungsi cai dina dongéng Sunda minangka tarékah pikeun mekarkeun deui dongéng Sunda sarta minangka tarékah pikeun intropéksi sangkan masarakat ngariksa deui alam, utamana cai nu jadi unsur penting dina kahirupan.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan intertékstual jeung pamarekan strukturalisme. Pamarekan intertékstual dipaké pikeun nganalisis karya-karya sastra antardaérah, nagara, *genre*, konteks, pangarang nu dianggap aya patalina. Intertékstual dina ieu panalungtikan dipaké pikeun maluruh jeung ngabandingkeun fungsi cai nu nyampak dina dongéng-dongéng Sunda. Panalungtikan dimimitian ku maluruh dongéng Sunda nu ngandung unsur cai tuluy diklasifikasi unsur cai dumasar fungsina dina carita.

Saméméh nganalisis ngeunaan fungsi cai dina dongéng Sunda, dipaluruh heula ngeunaan struktorna ngagunakeun pamarekan strukturalisme. Pamarekan strukturalisme nya éta pamarekan nu dipaké dina analisis kajian-kajian unsur teks sastra. Nurgiyantoro (2013, kc. 60) nétélakeun yén strukturalisme téh nya éta analisis struktural karya sastra nu museur kana unsur-unsur intrinsik nu ngawangunna.

Analisis strukturalisme dina karya sastra dimimitian ku ngaidentifikasi sarta nganalisis unsur-unsur nu aya dina carita nu ngawengku téma, plot/alur, tokoh, latar, sudut pandang, jrrd. Tina sababaraha pamadegan ahli ngeunaan strukturalisme, unsur-unsur nu dipaké dina struktur karya sastra sacara gurat badag ngawengku (1) téma, (2) plot/alur, (3) palaku, jeung (4) latar (Koswara, 2013, kc.14).

Dina hasanah sastra Sunda, panalungtikan bandingan ngeunaan unsur nu tangtu dina dongéng can loba nu nalungtik. Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh ngeunaan babandingan fungsi cai nu aya dina dongéng Sunda pikeun ngeuyeuban data jeung pangaweruh ngeunaan kasusastraan, utamana sastra Sunda. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé pikeun nambahan variasi sarta pangaweruh ngeunaan kasusastraan di dunya.

Ieu panalungtikan aya patalina jeung panalungtikan saméméhna ngeunaan babandingan dongéng nya éta “Babandingan Dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Pedagogik)” ku Yogi Permadi (2013,2017) jeung panalungtikan Tuti Sri Haryati taun 2006 nu judulna “Babandingan Karakter Palaku Utama dina Novél *Baruang ka nu Ngarora* jeung *Gogoda ka nu Ngarora*”. Najan kungsi aya nu nalungtik, panalungtikan Permadi leuwih museur babandingan unsur struktural nu dipatalikeun jeung ulikan étnopédagogik. Ari panalungtikan Tuti Sri Haryati nalungtik ngeunaan babandingan palaku utama dina novél *Baruang ka nu Ngarora* sarta novél satuluyna nya éta *Gogoda ka nu Ngarora*. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nya éta dongéng-dongéng nu dijadikeun objék panalungtikan sarta unsur nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta unsur cai nu dipaluruh fungsina dina dongéng Sunda nu dipedar ngagunakeun pamarekan struktural jeung intertékstual.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan kalayan judul “Fungsi Cai dina Dongéng Sunda (Ulikan Struktural jeung Intertékstual)”.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti di handap.

- 1) Kumaha struktur dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai nu ngawengku téma, palaku, galur jeung latar?
- 2) Naon waé fungsi cai anu aya dina dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai?
- 3) Kumaha babandingan fungsi cai dina dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh babandingan struktur jeung fungsi cai dina dongéng Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun struktur dongéng Sunda nu miboga unsur cai;
- 2) maluruh fungsi cai dina dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai;
- 3) maluruh babandingan fungsi cai dina dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku 1) mangpaat téoritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban dunya paélmaan ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan dongéng, babandingan karya sastra ngagunakeun kajian strukturalisme nu aya dina hiji karya sastra sarta maluruh motif nu sarua nu aya dina karya sastra utamana dongéng.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun jadi référénsi jeung informasi pikeun mahasiswa atawa akademisi séjénna dina nalungtik jeung ngeuyeuban karya sastra Sunda utamana dongéng;
- 2) pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan dongéng nu aya di tatar Sunda;
- 3) pikeun panalungtik nambahan pangaweruh jeung wawasan;

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab nu diwincik sakumaha di handap.

Bab I Bubuka

Medar ngeunaan kasang tukang, masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis sarta sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Pustaka

Medar ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar dina panalungtikan. Ieu bab eusina ulikan pustaka. Tiori-tiori nu dipedar di antarana ngeunaan intertékstual, strukturalisme jeung dongéng. Lian ti éta, dina bab II dipedar ogé raraga mikir.

Bab III Metodologi Panalungtikan

Medar ngeunaan métode, desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan sarta analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran

Medar hasil nu dicangking tina panalungtikan diantaranya pedaran ngeunaan struktur dongéng, jeung fungsi cai dina dongéng.

Bab V Kacindekan jeung Saran

Medar ngeunaan tafsiran panalungtik kana hasil analisis. Kacindekan medar ngeunaan jawaban tina rumusan masalah sarta saran nya éta lajuning laku tina panalungtikan.